**दिन— रविवार** **दिनांक—08.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे भारत के विकसित बनेबा मे नारीशक्ति के परिवर्तनकारी भूमिका होयत आ एहि लेल सरकार पिछला एगारह वर्ष सँ महिला लोकनिक नेतृत्व पर बेसी ध्यान दऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे विज्ञान, शिक्षा, खेल—कूद, स्टार्ट—अप आ सशस्त्र बल — हरेक क्षेत्र मे महिला लोकनिक उत्कृष्ट प्रदर्शन कऽ दोसरो के लेल प्रेरणा स्रोत बनि रहल छथि। राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन— एनडीए सरकारक एगारह वर्ष पूरा हेबाक अवसर पर सोशल मीडिया पोस्ट मे प्रधानमंत्री कहलनि जे एनडीए सरकार विकास मे महिला लोकनिक सशक्त भूमिका के लेल कतेको महत्वपूर्ण पहल कयलक अछि। एहि मे स्वच्छ भारत अभियान, जनधन खाता के माध्यमे वित्तीय समावेशन आ जमीनी स्तर पर महिला लोकनिक सशक्तिकरण करब सम्मिलित अछि। श्री मोदी कहलनि जे मुद्रा ऋण सँ लाखो महिला लोकनिक लेल उद्यमी बनबाक सपना पूरा भेल अछि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री आवास योजनाक अंतर्गत महिला लोकनिक नाम पर मकान लेबाक प्रावधान सँ महिला लोकनि मे सुरक्षा आ सशक्तिकरण के भावना बढ़ल अछि। श्री मोदी बेटी बचाओ—बेटी पढ़ाओ अभियान के बालिका संरक्षणक राष्ट्रीय अभियान जनौलनि।

---

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे ओ बिहार के विकसित राज्य बनेबाक लेल राजनीति मे छथि। आइ भोजपुर जिला मे आरा मे पार्टीक रैली के संबोधित करैत श्री पासवान कहलनि जे बिहार फर्स्ट, बिहारी फर्स्ट के संकल्पक संग ओ काज कऽ रहल छथि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे केन्द्र सरकार आ बिहार मे नीतीश कुमारक संयुक्त प्रयास सँ बिहार फर्स्ट— बिहारी फर्स्ट के उद्देश्यक संग युवा लोकनिक पलायन रोकबाक संकल्प आ विकासक काज भऽ रहल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे बिहारक पिछड़ापन के लेल राजद आ कांग्रेस दुनू जिम्मेदार अछि। आगामी बिहार विधानसभा चुनाव पर ओ कहलनि जे ओ एनडीए गठबंधन के मजगूत करबाक लेल काज करताह।

---

राष्ट्रीय जनता दल के नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव आरोप लागौलनि अछि जे वर्ष दू हजार चौदह के बाद सँ सभ संवैधानिक संस्था के हाईजेक कऽ लेल गेल अछि। कांग्रेस नेता राहुल गांधी द्वारा चुनाव आयोग पर आक्षेप लगेबाक बयान पर ओ कहलनि जे चुनाव आयोगक दिस सँ चुनावक घोषण हेबा सँ पहिने भाजपाक आईटी सेल के चुनावक विषय मे जनतब भेटि जायत अछि। श्री यादव कहलनि जे संवैधानिक संस्था के मर्यादा बनल रहबाक चाही। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आरोप लगौलनि जे बेर–बेर हार सँ राहुल गांधी हतासा मे आबि गेल छथि। पूर्व केन्द्रीय मंत्री आ राष्ट्रीय लोकमोर्चा के प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा सेहो निर्वाचन आयोग ऐहेन संस्था पर प्रश्न उठेबा पर राहुल गांधी के आलोचना कयलनि अछि।

———————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चा के प्रमुख आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री उपेन्द्र कुशवाहा आगामी चुनाव के लऽकऽ लोकसभा आ विधानसभा के सीट सभक परिसीमन जन संख्या के आधार पर करबाक मांग पुनः दोहरौलनि अछि। आइ मुजफ्फरपुर के क्लब मैदान मे आयोजित पार्टीक एक सभा के संबोधित करैत श्री कुशवाहा कहलनि जे संविधानक नियम के अंतर्गत परिसीमन होयब आवश्यक अछि आ एहि लेल हुनक पार्टी जन जागरूकता अभियान चला रहल अछि।

———————————————————

ऑपरेशन सिंदूरक दरमियान शहीद भेल सेना के जवान सुनील कुमार यादव के अंतिम संस्कार आइ पूरा सैन्य सम्मानक संग हुनक पैतृक गाम बक्सर के नरबतपुर मे संपन्न भेल। एहि सँ पहिने हुनक पार्थिव शरीर के दर्शनक लेल वृहत संख्या मे लोक सभ ठाढ़ छलाह। हुनका अंतिम विदाई देबा सँ पहिने तिरंगा यात्रा निकालल गेल। सुनील कुमार यादवक पार्थिव शरीर काल्हि जम्मू कश्मीरक उधमपुर सँ पटना आनल गेल छल।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे गांधी सेतु के समानांतर बनि रहल चारि लेन ब्रिज के निर्माण काजक निरीक्षण कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री योजना सँ जुड़ल विभिन्न पहलु के विस्तृत जनतब लेलनि आ संबंधित अधिकारी लोकनि के आवश्यक दिशा–निर्देश देलनि। एहि अवसर पर जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सहित निर्माण काज सँ जुड़ल अधिकारी लोकनिक सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————

इंडियन स्टेट ब्रॉडकास्टिंग सर्विस के आजुक दिन उनैस सय छत्तीस मे ऑल इंडिया रेडियो नाम भेटल छल। बाद मे ई आकाशवाणी के नाम सँ सेहो जानल गेल। देश मे रेडियो के शुरूआत तेईस जुलाई उनैस सय सत्ताईस मे भेल। रेडियो क्लब ऑफ बम्बे सँ शुरू भेल सफर चौरानवे साल बाद देशक निनानवे प्रतिशत सँ बेसी आबादी धरि पहुंचि चुकल अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसीतर भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे रोहतासक डेहरी मे सर्वाधिक तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————

समाप्त